



Pou Piblikasyon Imedya: 14/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE GWO PWOGRÈ POU BAY SOULAJMAN PANDEMI POU NOUYÒKÈ KI AFEKTE YO

Apeprè 400 milyon dola pèman èd lwaye - Ki apeprè double montan ki te peye nan twa semèn ki pase yo

Eta New York klase premye nan nivo nasyonan nan pèman ki fèt oswa ki angaje, avèk plis pase 1.2 milya dola

125 milyon dola nouvo finansman eta a pou lokatè ki pa t kalifye anvan pou èd yo ap disponib atravè Pwogram Asistans Lwaye Ijans lan apati 15 septanm

Plis pase 1.05 milya dola nan Fon pou Pwogram Travayè ki Ekskli a te apwouve pou distribisyon jiska jodi a; 550 milyon dola pral debloke nan fen semèn nan, 500 milyon dola siplemantè nan verifikasyon final

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a gen pwogrè enpòtan ki fèt nan bay soulajman pou pandemi pou Nouyòkè ki te afekte yo atravè Pwogram Asistans Lwaye Ijans (Emergency Rental Assistance Program, ERAP) ak Pwogram Travayè ki Ekskli yo (Excluded Workers Program, EWF). Montan pèman pou èd lwaye ijans ki lye ak pandemi an te apeprè double nan twa semèn ki pase yo — ki ogmante a 399 milyon dola — ap pèmèt lokatè ki gen risk pou yo ekspilse yo rete lakay yo epi ede pwopriyetè k ap goumen yo rekipere lwaye ki pa peye yo. Apadi mèkredi 15 septanm, lokatè klas mwayèn ki pa t kalifye anvan pou asistans yo ka kòmanse aplike pou 125 milyon dola finansman eta a atravè Pwogram Asistans Lwaye Ijans lan. Anplis, byenke yon pati nan verifikasyon final, Gouvènè Hochul te anonse ke plis pase 1.05 milya dola nan fon pou Travayè ki Ekskli a te apwouve pou distribisyon jiska jodi a.

"Lè mwen te prete sèman kòm Gouvènè twa semèn de sa, mwen te rann li klè ke premye priyorite mwen se te pou akselere pou jwenn lajan pou soulajman an pi rapid ke posib pou Nouyòkè k ap goumen kont devastasyon ekonomik pandemi an," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Byenke n ap ranfòse efò sa yo, men travay nou toujou pako fini. N ap kontinye bay asistans ki enpòtan pou travayè ki ekskli yo, fanmi pandemi an afekte yo ki te gen reta nan lwaye yo, ak pwopriyetè revni lwaye yo te bese anpil pandan kriz sante mondyal la."

Gouvènè Hochul te fè pwosesis pou bay soulajman a Nouyòkè ki afekte pa pandemi COVID-19 la yon premye priyorite nan administrasyon li a nan fason ki pi rapid epi ki pi efikas ke posib. Depi premye jou li nan biwo a, Gouvènè a te fè plizyè demach pou

ranfòse efò pou soulajman pandemi eta a, ki enkli kreye nouvo Biwo pou Soulajman Pandemi an, k ap adopte chanjman pou akselere pwogram soulajman lwaye eta a epi atire plis moun pou aplike, epi vizite Nouyòkè nan zòn ouragan an domaje yo pou ede asire ke yo te konekte epi resevwa èd yo bezwen an.

Pwogram Asistans Lwaye Ijans

Gouvènè Hochul te antre nan fonksyon nan fen mwa out ak yon aksan sou ERAP, epi li te anonse yon seri mezi ki enkli reyafektasyon 100 pèsonèl ki te ge gen kontra pou travay sèlman avèk pwopriyetè yo pou fini aplikasyon ki annantant yo, pou akselere pwosesis la. Depi lè sa, kantite pèman ki te soti yo te ogmante de 15,548 pèman ki bay yon total 203 milyon dola bay pwopriyetè yo, a 30,781 pèman ki bay yon total 399 milyon dola bay pwopriyetè yo.

Apati mèkredi, eta a ap kòmanse aksepte aplikasyon pou asistans lwaye pou fanmi ki te afekte negativman pa pandemi an epi k ap touche ant 80 pousan ak 120 pousan revni mwayen zòn nan, yon gwoup ki pa t kalifye anvan pou resevwa èd nan Pwogram Asistans Lwaye Ijans eta a.

Dapre enstriksyon federal yo, se sèl fanmi ki te afekte pa pandemi an epi k ap touche 80 pousan nan revni mwayen zòn lan oswa pi piti ke sa ki te kalifye pou ERAP. Pwojè sa, ki administre pa Biwo Asistans Tanporè ak Enfimite a (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA), ap bay 2.6 milya dola finansman pou peye jiska 12 mwa aryere ak twa mwa lwaye potansyèl dirèkteman bay pwopriyetè yo, pandan l ap bay lokatè yo jiska yon lane pwoteksyon kont ekspilsyon, depi yo kontinye peye lwaye a.

Revni mwayen an varye selon konte a ak gwosè fwaye a. Lokatè ki enterese aplike pou swa asistans federal oswa eta a ta dwe vizite otda.ny.gov/erap.

Eta New York klase kounye a premye nan nivo nasyonal nan pèman ki fèt oswa ki angaje, avèk plis pase 1.2 milya dola, epi li pami lidè nan pèman dirèk, dapre [Kowalisyon Nasyonal pou Lojman Lwaye Modere \(National Low Income Housing Coalition\)](#), ki swiv mizanplas ERAP la eta pa eta.

New York depase limit pou evite yon 'rekiperasyon' fon asistans lwaye federal la tou delwen epi li kalifye kounye a pou li resevwa evantyèlman fon ki afekte pou lòt eta ki p ap distribye asistans sa rapid ase. Apati 30 septanm, Trezò a ka rekaptire fon ki depase ki pa t angaje yo epi reafekte resous sa yo nan jiridiksyon ki gen bon pèfòmans ki te angaje omwen 65 pousan nan alokasyon orijinal yo.

Komisè OTDA, Mike Hein te deklare, "Ak finansman siplemantè ki soti nan eta a, Pwogram Asistans Lwaye Ijans New York la pi dinamik toujou nan pwoteksyon li bay lokatè yo ak nivo asistans li akòde pwopriyetè yo. Avèk atansyon kontini Gouvènè Hochul nan pwoblèm enpòtan sa, n ap obsève enpak pwisan pwogram sa genyen nan tout eta nou an epi demontre yon lòt fwa ankò ke New York se yon lidè sou plan nasyonal nan abòde pwoblèm ekonomik ak sosyal ki pi difisil ke nou fè fas nan mitan kriz sante mondyal sa."

Pwogram Fon pou Travayè ki Ekskli a

Gouvènè Hochul te idantifye youn nan premye priyorite li yo se jwenn lajan pou soulajman pi rapid ke posib pou ede Nouyòkè k ap goumen kont devastasyon ekonomik pandemi COVID-19. Nan kad efò sa yo, Gouvènè a te travay pou akselere distribisyon benefis Pwogram Travayè ki Ekskli yo. Jiska jodi a, Depatman Travay (Department of Labor, DOL) Eta New York la te apwouve plis pase 1.05 milya dola benefis pou Pwogram Travayè ki Ekskli a pou distribisyon. Pami benefis sa yo, 550 milyon dola pral debloke nan fen semèn sa, epi yon lòt 500 milyon dola nan vefikasyon final pou moun ki aplike yo idantifye kòm moun ki kalifye, ke yo prevwa distribye nan fen mwa a. Aplikasyon pou pwogram nan te lanse nan dat 1ye out 2021, nan 13 lang diferan, epi jiska jodi a, DOL Eta NY te resevwa 130,000 aplikasyon, yo te jwenn plis pase 75,000 nan yo kalifye jiska prezan.

Aplikasyon ki apwouve yo resevwa youn nan de montan benefis ki baze sou nivo dokimantasyon sou kalifikasyon travay yo bay la, anplis pou verifye idantite ak kote yo rete. Moun ki kalifye nan Nivo 1 yo resevwa 15,600 dola epi Moun ki kalifye nan Nivo 2 yo resevwa 3,200 dola. Pami sa ki apwouve jiska jodi a, 99 pousan te kalifye pou benefis Nivo 1. Aplikasyon ki apwouve yo resevwa pèman yon sèl fwa sou yon kat prepeye yo voye nan adrès yo te bay nan aplikasyon an. Kat yo pèmèt retrè kach oswa acha kay komèsan yo.

Fon pou Travayè ki Ekskli a te kreye pou pote soulajman finansye pou plizyè milye travayè eta a ki te pèdi revni yo pandan pandemi an epi ki pa t kalifye pou benefis COVID-19 gouvènman an te bay yo nan estad apwobasyon final yo.

Aplikasyon yo ka aplike anliy 24/24, epi sant apèl 600 moun ki pale plizyè lang DOL la disponib si jou sou sèt. Pwosesis aplikasyon EWF la itilize teknoloji modèn, ki enkli yon asistan vityèl ki bay moun ki aplike yo estati aplikasyon yo atravè pwosesis la. Aplikasyon yo ka pale tou ak yon reprezantan oswa yo ka retounen yo apèl la nan 24 a 48 èdtan. Aplikasyon an ak yon dokiman Kesyon yo poze souvan disponib nan 13 lang diferan sou Paj EWF Depatman Travay la.

Menm jan ak reklamasyon asirans chomaj yo, garanti ak deteksyon fwod ki entegre nan tout pwosesis verifikasyon an fèt pou asire ke fon yo ale jwenn aplikasyon ki kalifye yo, pa magouyè.

DOL prevwa mete yon tablodbò nan tan reyèl disponib k ap bay dènye done sou pwogram EWF la nan semèn k ap vini yo. Pandan tan sa, DOL ap afiche mizajou sou done pwogram EWF yo chak inèdtan sou [sitwèb li a](#).

Komisè Depatman Travay Eta New York la, Roberta Reardon, te deklare, "Fon pou Travayè ki Ekskli a bay plizyè milye Nouyòkè ki te jwe yon wòl enpòtan nan repons pou pandemi eta nou an, men ki pa t kalifye pou benefis chomaj eta oswa federal la, soulajman ki reyèl. Mwen ankouraje tout moun ki kalifye ki te pèdi salè oswa revni yo pandan pandemi an pou yo aplike pou kòd sovtaj vital sa."

Nan kòmansman septanm, Gouvènè Hochul te adopte yon moratwa sou ekspilsyon ki lye ak COVID la an lwa jiska 15 janvye 2022. Lwa a te etabli yon nouvo pwogram 250 milyon dola pou sèvi plis fwaye ak pou sipòte pwopriyetè yo pi byen. Atravè pwogram sa, 125 milyon dola nan finansman eta a afekte espesyalman pou fanmi sa yo ki gen yon revni ki twò wo pou patisipe nan ERAP federal la finanse a.

Anplis, lejislasyon an mete 125 milyon dola sou kote nan finansman eta a pou ede pwopriyetè sa yo ki gen lokatè ki swa refize patisipe nan pwogram nan oswa ki te kite apatman an ak aryere pèman. Enstriksyon federal yo egzije pou lokatè ak pwopriyetè yo alafwa aplike pou pwogram nan, kidonk finansman eta sipleman a ap otorize OTDA pou pibliye yon aplikasyon ki separe pou pwopriyetè k ap chèche asistans sa nan kòmansman oktòb.

Men, pwogram New York la otorize pou yo apwouve yon lokatè pwovizwaman, pandan aplikasyon lòt pati a annatant, epi y ap fè yon efò ki solid pou konvenk pwopriyetè a pou patisipe. Si yon pwopriyetè refize bay enfòmasyon ki nesèsè pou konplete yon aplikasyon oswa refize aksepte finansman yo, y ap bay lokatè a yon lèt ke li ka montre nan tribinal nan ka gen pwosedi pou ekspilsyon.

Yo pa ka mete lokatè ki aplike pou pwogram yo deyò paske kontra lwaye yo ekspire, oswa paske yo pa peye lwaye a pandan pandemi COVID-19 la. Depi yon pwopriyetè aksepte yon pèman, yo pa ka mete lokatè a deyò paske li pa peye lwaye pandan peryòd ki kouvri a oswa akòz yon kontra ki ekspire pandan 12 mwa ki vini apre pèman sa.

Gouvènè Hochul kontinye ankouraje Nouyòkè k ap goumen pou peye lwaye ki te akimile pandan pandemi an [pou aplike pou pwogram nan](#). Nou te deja resevwa plis pase 200.000 aplikasyon pou ERAP.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)